# ИЙС ГАЗИНЕН АБАЙЛЫ БОЛЫҢ!

**О.Ө.Дузелбаев**
Хожели райони АЖБ АЖП киши инспектори аскер.

*https://doi.org/10.5281/zenodo.18112724*

Халықтың тәбийий газге болған талабы асыўы менен бир қатарда өрт қәўипсизлиги қағыйдаларына бойсынбағанлы ямаса кеўил аўдармағанлығы ақыбетинде портлаў хәм газден зәҳәрлениў менен байланыслы бахытсыз жағдайларға себепши болыўы мүмкин.

Пуқараларымыз тәбийий газден пайдаланыўда қәўипсизлик қағыйдаларына бойсынбағанлығы, газ үскенеси орнатылған бөлмеде уйықлаўы, печлерди хәм суў ысытқыш үскенелерин күни бойы жағыўы, жанып турған газ үскенелерин қараўсыз қалдырыўы хәм газ плиталарынан өжирени жылытыў ушын пайдаланыўы, өз еркинше қосымша газ үскенелерин орнатыў хәм резина шлангалар менен жалғаўы, газ ийси пайда болғанда электр үскенесин өширип жағыў, шырпы жағыў, темеки шегиўи, ысытыў үскенелерин қараўсыз қалдырыў себепли ақыбетинде өрт хәм газден зәҳәрлениўлер келип шығатуғынлығын көрсетпекте.

Пуқараларға соны ескертип айтып өтиўимиз керек, төмендеги қағыйдаларға бойсыныўы, өзиниң хәм шаңарақ ағзаларының аманлығын хәм қәўипсизлигин тәмийнлеген болар еди.



- үйден шыға турып, газ үскенелери хәм электр лампаларын өшириў;
- үйде ямаса бөлмеде газ шығып атырғанлығы сезилсе, электр әсбаплары, шок шығарыўшы басқада үскенелерди жақпаў;
- электр әсбапларының хәдден тыс қызып (ысып) кетиўи жағдайлары хәм өрт келип шығыўына алып келеди;
-үйлерде электр тармағына бир ўақыттың өзинде бир неше ток қабыл етиўши үскенелер жалғаў жүдә қәўипли;
- ақ майды қыздырыў (күйдириў) ўақтында бақлаўсыз қалдырыў кеўилсиз жағдайларға алып келиўи мүмкин;

- жағып қойылған электр әсбапларын, электр утюг ҳәм плиталарды қараўсыз қалдырмаў;

-негизинде стандарт талапларына жуўап бермейтуғын электр ысытқышлардан пайдаланбаў;

-жанып турған газ плитасы үстинде жуўылған кир қурытыў ҳалатлары күшли өрт шығарыўына себеп болады.

Жасаў үй төбелеринде ҳәр түрли жаныўшы буйымлар, екилемши үй буйымларын сақлап болмайды.

Тәбийий газди резина шлангалар арқалы жалғаў қәўипли. Айнықса, түнде газди жағып қалдырыўға болмайды.

Себеби, түнде газ басымы көбейип (артып) ямаса пәсейип, бахытсыз ҳәдийсе жүз бериўи мүмкин.

Буннан тысқары, адамлар арасында ийис газинен зәҳерлениў жағдайлары ҳәм көп ушыраспақта.

Ийис гази - үйлеримизде пайдаланып атырған табиий газдиң толық жанбаўы натийжесинде пайда болатуғын газ.

Инсан организиминиң дем алыў жоллары ҳәм дем алыў органларына күшли тәсир қылады.

Дем алыў жоллары арқалы организмди, орайлық нерв системасын зәҳәрлейди.

